Kisa WIDA Screener Ye?

WIDA Screener se yon tès ki ede pwofesè yo idantifye si elèv yo nan klas K-12yèm ane yo se elèv Anglè. Yon elèv Anglè se yon elèv ke yo fòmèlman idantifye kòm yon elèv ki bezwen sipò lang pou reyisi patisipe nan kontni akademik la an Anglè.

Poukisa Timoun Mwen An AP pase WIDA Screener?

Ou te fè yon sondaj epi te reponn kesyon sou lang ou itilize lakay la. Selon repons ou yo, pwofesè timoun ou an panse ke timoun ou an kapab yon elèv Anglè. Timoun ou an pral pase WIDA Screener pou konfime si li se yon elèv Anglè.

Ki Jan Yo Itilize Rezilta Tès WIDA Screener a?

Pwofesè timoun ou an itilize rezilta tès WIDA Screener a pou ede deside si timoun ou an se yon elèv Anglè.

Konbyen Tan Tès WIDA Screener A Ap Pran?

Tès la ka pran jiska 80 minit pou fè l, byenke pafwa tès la kapab diferan selon bezwen elèv endividyèl la ak nivo metriz li. Kesyon tès WIDA Screener yo kouvri kat domèn langaj (Ekout, Lekti, Ekspresyon Oral, Ekriti).

Pifò elèv ki nan klas 1ye-12yèm ane yo fè yon tès sou entènèt (selon politik eta ou an). WIDA Screener pou Matènèl la se yon tès kreyon ak papye ki pi kout.

WIDA™
UNIVERSITY OF WISCONSIN-MADISON

WIDA loje nan Wisconsin Center for Education Research nan Inivèsite Wisconsin-Madison.
© 2025 Board of Regents of the University of Wisconsin System, on behalf of WIDA

Prepare pou WIDA Screener

- Timoun ou an pa bezwen etidye pou WIDA Screener.
- Timoun ou an ta dwe konsantre sou fè tout sa li kapab nan jou tès la pou demontre tout fason li konprann epi ka kominike an Anglè.
- Pale ak pwofesè timoun ou an sou ki lè ou pral resevwa rezilta tès yo ak fason lekòl timoun ou an itilize rezilta sa yo.

Si Timoun Ou An Se yon Elèv Anglè, Men Kèk Kesyon Ou Ka Poze Pwofesè Yo

- Ki kalite sèvis sipò nan lang Anglè ke timoun mwen an pral resevwa nan lekòl la?
- Ki jan ou ka enkli lang ak kilti timoun yo nan lekòl la?
- Ki jan fanmi m ka soutni devlopman lang timoun nou an lakay la?
- Ki lè timoun mwen an pral sispann resevwa sipò nan lang Anglè?

WIDA™
UNIVERSITY OF WISCONSIN-MADISON
WIDA loje nan Wisconsin Center for Education Research nan Inivèsite Wisconsin-Madison.
© 2025 Board of Regents of the University of Wisconsin System, on behalf of WIDAA